

СПОРТ

**Халкъазда гьоркьосеб турниралъул чемпион**

Стр. 2

ИСЛАМ

**Алжаналъул нуцІби рагьулеб кІул**



Стр. 3


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратІа районалъул газета

**№ 4 * февраль 2017 с. Газета биччала моцІида жаниб кІиго нухалъ. Багьа 10 гъ.**


# ЦІадул балагьаздасан цІунайги

*Гъенеколоб гьоркьохъеб школа бухІана*

**Гьале исанасеб сональги нилъ лъугьана цойги цІа ккеялъул гІажаибаб лъугьа-бахъиналъул нугІзаллъун. Гьаб ахираб кІиго-лъабго сональда жаниб районалда бухІана чамалиго ашбаз, почта, магазин, кІиго-лъабго рукъ, цо школа ва г ь.ц. Цоги гьитІинал бакІал рикІкІичІого. Гьанже бухІана цоги гьоркьохъеб школаги.**

Февралалъул 27 абилеб къоялъ сагІат лъабго тІубарабго къаси бухІана Гъенеколоб гьоркьохъеб школа. ЦІа рекІун бащдаб школа бухІун лъугІизегІан цониги чиясда бихьичІо цІа рекІун букІин. КватІараб сордоги букІун, гІадамалги кьижараб бищунго санагІат гьечІеб мехалъ рещтІана балагь тІаде. БичІчІулеб гьечІо сундасан, щиб гІиллаялъ цІа ккун бугебали. Гъенеколоб росу буго райцентралдаса 40 киллометраялъ рикІкІад. ЦІа ссвинабиялъул кумек районалдаса щун, гьел кумек гьабизеги кинабгІаги рес гьечІо.

Районалъул тІасияб мухъалда гІумру гьабулел росабалъги гьединаб кумек кьолеб машина гьечІо. Школалда аскІоса гІебеде гьечІо цониги лъел мухъ. Гьелъ кинабгІаги рес кьечІо цІа свинабизе ва школа бухІана гІицІго къеял хутІизегІан. Школа букІана росдадаса батІад тІун. АскІоса гІебеде чІобогояб бакІ букІиналъ цІадуца росдае зарал кьечІо.

КинабгІаги школалда жаниса магІишат хвасар гьабизе кІвечІо. Цо чанго бакІги, цІалдохъанасул партаги къватІибе цІазе щвана цІа свинабулел гІолохъабазе. Гьебго къоялъ радалго цІа ккараб бакІалде гІедегІана районалъул нухмалъи, хІакимзаби ва хъулухъчагІи.

Районалъул бетІер Ражаб Ражабовасул пикруялда рекъон, лъикІаб букІинаан цІияб школа базегІан цІалдохъаби ЛъаратІа школа-интерналде цІализе риччани. Гьенир киналго, хІукуматалъул тІалабазда рекъарал шартІалги ругила цІалул сон рагІалде бахъизегІан районалде риччани лъикІ букІинаанила. Амма гьеб кумекалдаса росдал жамагІаталъ инкар гьабуна.

Школа базегІан жидецаго балагьилин росулъго лъимал цІализе, дарсал кьезе бегьулеб бакІ. Доре-гьанире цІализе ани щущахъ разе ругила цІалдохъабиги ва лъималги дагьлъун школа бачІого тезе хІинкъи бугила.

Кинавниги школалда цІалулев вуго 68 цІалдохъан. Цо чиясул рокъоб заманаялъ кьезе руго дарсал. Районалъул нухмалъиялъгун росдал жамагІаталъ балагьана цо кІудияб рукъ, заманаялъ дарсал кьезе бегьулеб. Гьезул пикруялда рекъон, кІварабгІан хехго роцІине кколила школа баялъул суал, щайгурелъул лъималазул цІали хвезабизе бегьуларила. Гьелъул гІайиб нухмалъиялда ккола. Лъай кьеялъул нухмалъиялъ чІезаризе руго тІоцере хІажатал шартІал цІалдохъабазе. ЦІа ккеялда сверухъ гІемерал харбал тІоритІун руго, токалдаса сверун абун цоял, хъаравулзабазул гІайибалъ абун цогидал ва гь.ц.

Школа бухІараб бакІалде щвезе буго республикаялдаса экспертиза. Гьез чІезабизе буго цІа ккеялъе гІилла. ГІайибиял щал ругел ва данде кколищ добго бухІараб школалъул къеял школа гьенибго цІи сверизабизе?

**Расул АБАКАРОВ**





# Сахлъи цІуниялъул лъагІалил хІасилал

*Райбольницаялъул бетІерав тохтурас хІисаб кьуна*

**Районалъул администрациялда тІобитІараб иргадулаб данделъялда гьоркьоб лъуна цо сахлъи цІуниялъул суал. Докладгун цеве вахъана ЛъаратІа больницаялъул бетІерав тохтур Асадула Юсупов. Гьес бицана 2016 абилеб сональда районалда сахлъи цІуниялъул рахъалъ кинал хІалтІаби тІоритІарал, кигІан хІалтІи бугеб исанасеб сональда жеги гьабизе хутІараб ва кинал ругел рищунго унтарал суалал жеги цере чІун.**



Февралалъул 27 абилеб къоялъ ЛъаратІа администрациялъул кІудияб залалда тІобитІана иргадулаб заседание. Аслияб кІвар буссинабун букІана сахлъи цІуниялъул рахъалъ 2016 абилеб соналъ гьабураб хІалтІуде. Жиндирго кІалъаялъулъ, районалъул больницаялъул бетІерав тохтур Асадула Юсуповас бицана тІоцебе сундуе гьес кІвар кьун букІарабали араб соналъ.

Гьесул рагІабазда рекъон, районалда тІоцебе дагь гьабизе кІвана хварал лъималазул къадар. Гьеб бугила тІоцебе районалъул сахлъи цІуниялъул идарабазул бергьенлъи.

КІудияб жавабчилъиялда хІалтІи гьабулеб букІиналъ дагьлъун ругила холел лъималазул къадар цересел сонаазда дандеккун. Гьединго цІикІун буго районалда гьарурал лъималазул къадар 2015 абилеб сональда данде ккун анкьго проценталъ. БукІаралдаса лъикІлъун бугила росабалъ фельдшераз ва акушераз гьабулеб хІалтІи. ТІоцебесеб кумек щвеялда бараб букІунила кидаго сахлъи хвезабурав чиясул къисмат.

Асадула Юсупов: « Нижеца кІвараб хІаракат бахъулеб буго нижерго ресазда рекъон жамагІаталъе кумек гьабизе. КІудияб жавабчилъиялда ва гьаб заманаялъул сахлъи цІуниялъул тІалабазда рекъон хІалтІи гьабулеб буго рищунго рикІкІадал росабазде щун. Нилъер районалъул руго гІемерал рикІкІа-рикІкІад щущахъ рарал гьитІинал росаби, гьечІо киса-кибего машинаялъул нух. Нагагьаб балагь ккарав чиясе хехаб кумек щвезе нижеца ресалда рекъон кІвараб жигарчилъиялда хІалтІи гьабулеб буго. Нагагь цониги санагІалъи гьечІеб жо ккани тІоцебе гІайиб сахлъи цІунулезда чІвалеб буго. Гьелъ ниж тІамулел руго цІикІун хІаракат бахъизе бадирчІваял щвечІого ракІбацІадго хІалтІи гьабизе».

Гьединго Асадулагьица баян кьуна больницаязда сахлъизе регарал унтаразда кидаго бичІуларин кинал дараби нижеца кьезе кколел, кинал жидецаго росизе кколел. «Масала, цо унтарав вачІуна цІакъго хириял дарабиги тохтурас хъван больницаялда вегизе.

*Ахир 2 аб. гьум.*

# Сахлъи цIуниялъул лъагIалил хIасилал

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Гьесие киналго дараби чIезаризе больницаялъул рес гIоларо. Нижеца гьесда бичIизабулеб буго гьал пуланал дараби дуца росизе ккола. Цо-цоязда гьеб бичIчIула, цогидазда бичIчIизегицин бичIчIуларо. Гьедин унел руго харбал больницаялъ ккараб кумек гьабулеб гьечIин.

Гьеб мекъаб бичIчIи буго. Нижер аслияб масъала буго исанасеб соналъ ва хадубккун цIаларал, хIалтIиги лъалел, махшел бугел хIалтIухъаби балагьи. ХIалтIудеги росизе руго конкурсалъулаб комиссияги гIуцIун, законалда рекъон. Гьелъ бигьалъи кьезе буго нижер хIалтIуй ва сахлъи цIуни цебе тIезе».



Районалъул бетIер Ражаб Ражабовасул пикруялда рекъон, кинабго медицинаялъул коллективалъги, тохтуразги тIоцебе гьабизе ккола унтаразул адаб, хIеренго ва кIваркьун гьездахун кIалъай гьабизе ккола. Аслияб жо бугила унтарасдехун кIалъазе лъай.

Ражаб Ражабов: «Бищунго мухIканаб ва щаклъи гьечIеб жо буго гьабураб хIалтIуе къимат лъазе, гIадамазул пикру цIехе. ГьабсагIаталда гIадамазда гьоркьоб цIех-рех гьабуни цояз больницаялъул хIалтIи какизе буго, цогидаз беццизе буго. Дица киналго сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби ахIулел руго жамагIаталъул ва халкъалъул рахъалдаса кIварабгIан дагьал гIарзаял раккиледухъ хIалтIизе. РакIбацIадго ва гIадамал разияб хIалалъ гьабизе ккола хIалтIи. Жакъа улкаялда ва республикаялда бугеб экономикияб нахъеккейги, кризисги хIисабалде босун, кинниги нилъеца билизе тезе бегьуларо медицинаялдехун халкъалъул бугеб божи».

Гьединго районалъул бетIерас бичIизабуна тохтуразул бугеб кIудияб жавабчилъиги, гьезул бугеб кIваралъулги, бокьараб къоялъ бокьарав чиясул гIумру гьезда бараблъун букIине бегьулеблъиги.

Заседание лъугIигун ЛаратIа ЦРБялъул хIалтIуе районалъул нухмалъиялъ кьуна гьоркьохъеб къимат.

**Расул АБАКАРОВ**

*Спорт*

## Халкъазда гьоркьосеб турниралъул чемпион



**27 абилеб февралалда Германиялъул Гейдельберг шагьаралда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб дзюдоялъул турнир. Турнир тIобитIулеб букIана дагьабго унти-шокълъи бугел спортсменазда гьоркьоб. Гьенил гIахьаллъана киналго пачалихъазул чемпионал. 81 кг цIайиялда цеве вахъана нилъер ракьцояв, ЧIилда росулъа Шамиль МухIамадов. Ункъо дандчIвайги бергьун гьев мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе ва Европаялъул чемпионатада гIахьаллъизе рес щвана.**

Шамиль нилъеда лъала хIаракат бугев ва къохIехьолев спортсмен хIисабалда. Нижеца цебеккунги хъван букIана гьесул хIакъалъулъ. Дагъистаналъул чемпионлъиялдаса гьев бигьа гьабун тIаде харун унев вуго жеги чIахIиял бергьенлъабазде. Живго Шамилил рагIабазда рекъон, ахирисел къецаздаса хадув дагьаб хIухьбахьиги гьабун, гьев хIадурлъизе вуго Европаялъул чемпионаталде. Гьарула гьесие щулияб сахлъигун жеги чIахIиял бергьенлъаби.

Баркула районцоязда цойги нухалъ нилъер ракьцоясул бергьенлъи.

**ЧАКЪАЛОВ**

## Дзюдоялъул чемпионал



Рустам Аюбов



Давудов Вацилав ва Шамиль Ибрагьимов

**15 абилеб февралалда МахIачхъалаялда тIобитIана дзюдоялъул рахъалъ Дагъисталъул чемпионат 23 сон тIубарал гIолилазда гьоркьоб.**

Гьел къецазда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалдаса лъабго гIолохъанчияс. 81 кг цIайиялда ракIчIарал бергьенлъабиги росун тIоцебесеб бакI ккуна ЧIилда росулъа Шамиль Ибрагьимовас. 100 кг цIайиялда цеве вахъана Гьиндиб росулъа Вацилав Давудов. Унтараб бох бугониги гьес кIудияб яхIги бахъун босана тIоцебесеб бакI. Гьединго 100 кг цIайиялда лъабабилеб бакI ккуна ЛъаратIа росулъа Рустам Аюбовас.

Гьеб кIудияб бергьенлъи буго нилъер районалъул. Кидаго гIадин дзюдоялъул рахъалъ кIудияб бергьенлъаби росулел руго нилъер ракьцояз.

Баркула нилъер ракьцоязда чIахIиял бергьенлъаби ва гьарула гьезие щулияб сахлъигун таваккал.

**ЧАКЪАЛОВ**

*история*

# Гъазаваталъул заманаялда Белъелда росу бухIи

**1850 абилеб соналъул май моцIалда гIурусазул отрядалъул бетIер Гиназ Кабуласулгун ккараб рагъулъ Анкьракьалдаса наиб ГIумар чIвала. Рагъул рецIел хIисабалда наиб ГIумарил росу бухIизе вхъула цо чанго азарго рагъухъан гIарадабигун. ЦIакъ захIмалъула гIурусазе гьеб росдада цере щвезе.**



Дамалда магIардаса Гъерел росулъе унеб нухда ругел щулалъаби росизе кIоларого гIурусаз чанго гьужумал гьаруна. Гьел рачIунел рихьидал магIарулазул цо къукъа уна Белъелда росу цIунизе. Хадуб рагъ тIобитIула Белъелда росулъ, амма рагъ халат бахъунаро. Киналго гIадамалги ун рехун тараб росу гIурусазе бухIизе тола муридзабаз. Маала росуялдаса рачIаралдаса хадуб Белъелда росу босизе тушманасе хIажалъана тIубараб анкь. Гьеб къоялъ Бельгардил амруялда рекъон рухIула ТIомуразул киналго росаби ва кулаби.

Росаби чIунтизари гурони тIокIаб жо ТIомуразе гьабизе кIвечIев ва камияз кIвекIулев Бельгард нахъе уна ТIомуразул ракьалдаса Гъерел росдада аскIоса тIаде ана кIкIалахъе ва рещтIана Гъагъар росулъе, ай Кьаналазул кIкIалахъе. Имамзабазул пикру кидаго Анкьракьалде буссараб букIана, кIвеладай Анкьракьазулазда гьениб гIурхъи щулаго кквезе абун. Амма гьеб кIвеялда божулеги рукIана щайин абуни гьезул къвакIиялда ракIчIей гьабун. Гьезул бахIарчилъиялда ва къохIехьеялда дол киданиги щакълъулел рукIинчIелъулха. ГIаммаб къагIидаялда хIисаб гьабуни гьеб лъеберго соналъ Анкьракьалда рещтIараб балагь, камиял, росаби ва кулаби рухIи, бахъи ва ракъиги къварилъиги гIемерго цIикIараб букIана гьенир гIагарда ругел цоги жамагIатазда дандеккун. ГIурус аскараз щиб къварилъи гьабун гIазаб кьуниги бетIер къуличIо Анкьракьалъулаз гIурусазе.

Гьанже кIудияб гъазаваталъул тIахьал хъвалел авторал гIемерал руго. Лъеберго соналъ гъазаваталъул цебесеб рагIаллъун ва рагъул цIадулъ рукIарал Анкьракьалъул ва цIоралъул жамагIатазул бахIарчилъиги гьунар, къохIехьейги тIахьал хъвалез рагIалде тун буго, гьезул тIахьал цIаларабго бихьулеб буго тарих гьедин тей.

**ГIумарил вас МУХIАМАД.**
**Белъелда росу.**

*ислам*

# АЛЖАНАЛЪУЛ НУЦIБИ РАГЪУЛЕБ КIУЛ

**ГIамал берцинлъи аваргазабазул сипат буго ва хасго нилъер аварагасулъ (с.т.гI.в.) гьеб загьирлъана бищунго берцинаб куцалда. Сиддикъуназулги шагьидзабазулги гIамалазул бищун хириябги буго гьеб. Аллагьасукьа хIинкъаразул ахирияб чIилги гьеб буго. Аллагьасул нухда напс куцалезул хIалтIуца кьолеб хIасилги буго гьеб. Исламияб динго нилъ гьелде рачунеб жо буго.**

ГIамал квешлъи буго талихIкьин ва гьалаглъи, хасго абадияб ахираталъул рокъоб. ГIамалквеш Аллагьасул мадугьаллъиялдаса рикIкIалъарав чи вуго. ЖужахIалъул цIадабе нуцIа рагьулеб кIулги гIамал квешлъи буго. Алжаналъул нуцIби рагьулеб кIул гIамал берцинлъи буго. Имам Гъазалияс абулеб буго нилъеда тIадаб бугила рекIел квешал сипатал тIаса инаризе. Черхалъул унтаби сах гьари нилъеца тIалаб гьабулеб гIадин, абадияб рукъалъул талихI жинда бараб тIабигIат берцинлъиги тIалаб гьабизе кколила. Гьеб щвезе кканиги чорхол квешал сипатал тIаса инаризе кколила. Гьелги камилаб агълуялъухъеги ун, гьезул малъиялъухъе гурони тIасаги унарила. Аллагьас Къуръаналда абулеб буго аварагасе кьураб нигIматалъул бицун: **«Мун киналниги лъикIал, тIадегIанал, берцинал тIабигIатазда тIад вуго»**, - абун. ГIайшатицаги абуна авараг кинабниги Къуръан вукIанин, ай гьесул кинабго хьвада-чIвади, гIамал-хасият данде кколаанин Къуръаналъул ахIиялде. Аварагас абуна: «Дун вуго берцинал тIабигIатал камил гьаризе витIарав», - абун.

ГIемерисеб халкъалдаги кколалеб буго дин цохIо как-кIалалда хурхараб жойин. КаккIалалъул мурадго тIабигIат берцинлъиялде рачин букIин кIочон толеб буго. Цо нухалъ вачIун вуго гIарабияв аварагасухъе дин щибжойин гьикъун. Аварагас жаваб гьабун буго тIабигIат берцинлъи бугин. Гьебго суал квегIисахун вачIун кьунила ва хадуб кваранисанги. ГьелъиегIи добго жаваб кьунила аварагас. Хадуб мугъаб рахъалъан вачIунги кьунила довго гIарабияс добго суал. Цинги аварагас жаваб гьабунила, дуда бичIчIулебищ гьечIеб, гьеб буго



ццин бахъунгутIи, ай дин буго ццин бахъунгутIи.

Абу Дардаица бицана, жинда рагIанила аварагас абулеб, тIоцебе къиямасеб къоялъ цIадирабазда лъолеб жо бугин тIабигIат берцинлъигун цадахъ сахаватлъи. Аллагьас иман бижараб мехалда, иманалъ гьаранила жиб щула гьабеян. Аллагьас иманги щула гьабунила берцинаб тIабигIаталдалъунги сахаватлъиялдалъунги. Куфру бижараб мехалъ гьелъги гьаранила жиб щула гьабеян. Гьебги щула гьабунила Аллагьас бахиллъиги тIабигIат квешлъиги кьун. Чиясул хиралъи бугин абун буго аварагас, гьесул диналъулъ, ай чиясулъ кигIан Аллагьасул дин бессун батаниги, гьедигIанаб буго гьесулъ хиралъи.

Ибну ГIаббасица бицараб хIадисалда буго, лъабго жо бугила чиясулъ жал гьечIони, ялъуни гьеб лъабгоялъул цоябгIаги гьечIони гьесул гIамал рикIкIунареб. Аллагьасе гIассилъиялдаса гьев цIунулеб такъва, гIантав, жагьилав чиясде досда релълъун жаваб досие гьабулабревлъун вукIин, ай хIалимлъи букIин, гIадамазда гьоркьоб берцинаб хьвада-чIвади билълъанхъизабулев вукIин. Гьаб лъабгоялъул цоябгIаги чиясулъ гьечIони, нужеца гьесул гIамал рикIкIунгейила. Анас-асхIабас абуна жал аварагасда аскIор рукIаго гьес абунила тIабигIат берцинлъиялъ гьарурал мунагьал риинарулин бакъалъ цIер биинабулеб гIадин. Чиясул талихI бугила гьесул гIамалхасият берцинаб букIин. Абу Зарридасан бицана аварагас жинда абунин: «Я Абу Зарр, щибаб жо шаргIалда рекъараб куцалда, тадбиралда бачине лъай гIадаб гIакълу гьечIо.

Тухум-кьибилалъул, насабалъул рахъалъ хиралъиги гьечIила тIабигIат берцинлъиялъулъ гурони». УммухIабибатица аварагасда гьикъана: «Я Бичасул авараг, цо чIужугIадан цоясда хадуб цоясе ун кIиго кIиго чиясул чIужулъун йикIун ятани, хун хадур гьел киналго алжаналъуреги ккани, кинав росгун дой йикIуней», - абун. Аварагас жаваб гьабуна: «Гьей йикIина гьелда аскIов бищун гIамал-тIабигIат берцинлъи гьабуравгун», - абун. Анас-асхIабас абунила тIабигIат берцинлъиялдалъун щолила алжаналъул бищун тIадегIанал даражабазде, гIамал дагьав вугонигицин. ТIабигIат квешав чи кколила жужахIалъул тIинде, жиндир цIикIкIарасеб гIамал гIибадат бугонигицин.

# ХАБАЛ ГIАЗАБАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

**Кинабго махлукъат бижарав БетIергьанас рихьизарун руго халкъалъе хасал гIорхъаби. ГIузруги гьечIого гьел рахиналъухъ рихьизарун руго хасал тамихIалги. Гьезул цоял рихьизе рес буго гьаб дунялалда рукIаго. Чорхолъе унти бачIун, хъизан-лъималазе кварилъи ккун, магIишат чурун ун, чияр цIобалде ккун, хъизаналда, гIагарлъиялда жаниб дагIба-къец ккеялда релълъун. Гьелда божуларев чи вукIине рес гьечIо, щайгурелъул, гьеб буго бадиса бадибе бихьулеб букъеб жо. ВукIине рес буго цIакъго жагьилав, ахIмакъав чиги гьеб тамихI гурин, жибго тIабигIияб жо бугин чIезабулевги.**

Гьаб заманалда камулел гьечIо жидеда бихьулареб жоялде инкар гьабулел гIадамал. Масала, гъоб тамихIазул кIиабилеб тайпа - хабал гIазаб. Гьелде инкар кколел гIадамал ратулел руго, хасго жидер тIадегIанаб лъай бугелин ругезда, гIелмиял хIалтIухъабазда, профессоразда гьоркьор. Гьеб балъаргъун маргьаби рицунел ругинги чIезабулеб буго гьединаз. Аслияб гIиллаги гьелъие берда бихьунгутIи буго. Гьедин батани, чанги жо бугогури берда бихьичIониги нилъеца цIуни гьабулеб. Цо бакIалда пуланаб унти баккун рагIулин абураб мухIканабцин гуреб хабаралъ гIадамал гъанцIизарула гьениса кванил нигIматал хIалтIизариялдаса. Гьединал мисалал гIемерал руго. Хабал гIазаб хIакъаб букIин чIезабулел хIужаби руго Къуръан- хIадисалда.

Къуръаналда буго: **«Дида иман лъеялдаса вуссарав чиясе букIине буго хабалъ захIматаб гIазаб»**, - ян. (сура «ТIагьа», аят 124).

Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалдаги буго: **«Хоб букIуна яги алжаналъул ахаздасан цояблъун, яги жужахIалъул кIкIалазул цояблъун»**, - ян. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица цо къоялъ аварагасда цIехон буго хабал гIазаб мухIканаб букIиналъул хIакъалъулъ. Хирияс жаваб кьун буго: **«У, хабал гIазаб букIунеблъи хIакъаб буго»**, - ян. Хабалъ тамихI букIунеблъиялъул мухIканлъи чIезабула гьаб хIадисалъги. Цо къоялъ МухIаммад авараг асхIабзабигун цадахъ анила кIиго хабада аскIоса. Цинги абунила аварагас: «Гьав кIиявго чиясе хабалъ гIазаб гьабулеб буго, цо кIудияб мунагьалъухъги гьечIо. Гьезул цояв гIадамазда гьоркьоб мацI гьабулев чи вукIана, цогидав – кIвацалдасан рацIцIалъи гьабуларев вукIана. Босе цо гIурччинаб гIаркьел». Гьеб бачIиндал кIиги бекун кIиясулго хобалда тIад чIвана. «Хьул буго гьаб сабаблъунгIайги, ай гьелъул тасбихIалъул баракаталъгIаги гьезие бигьалъи букIинин», - ян. Гьаб хIадисалда баянго бицунеб буго живго аварагас хабалъ гIазаб букIин. Гьелде инкар ккурав чи куфруялде ине рес гьечIищ? Имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: **«Рузман къоялъ яги гьеб сордоялъ хварав чи хабал гIазабалдаса цIунарав вукIина»**, - ян. **«Садакъаялъ нахъчIвала хабал бухIи...»**, - янги буго хIадис.

ГIАБДУЛЛАГЬ-ХIАЖИ МУХIАММАДОВ

# ЧЕРХ БАХЧАРАБ РЕТIЕЛ ЩАЙЗЕ РЕТIУНЕБ?

**Гьеб суал кьун букIана социалиял гьиназда руччабазе. ЦIех-рех гьабулаго гьез кьурал жавабал рахъулел руго гьоркьехун.**

**МИНАЯТ:** АлхIамдулиллагь, кIаз чIваралдаса нахъе цо сунцаялиго цIунун йигеб гIадаб хIалхьи-парахат лъугьана рекIелъе. Кидаго рекIелъ Аллагь вукIун, Гьесул цIобалда гьоркь йигей хIисаб букIуна. Мисалалъе, щивав чиясда къойил щуябго как баларо, Аллагь ракIалде щола. Амма расги черхги бахчараб, шаргIалде данде кколеб ретIел ретIун ругеб мехалда, гьоркьоса къотIичIого рекIелъ вукIуна Аллагь , заман цIехечIого кидаго гIибадаталда рукIине кколеблъи кIочон толаро.

**АДИЛЯ:** Щайгурелъул, гьеб тIадаб фарз букIун. Щивав бусурбанчиясда тIадаб буго Аллагьасул амру тIубазе. Цоцалъ рекIарал, гьурщ-гьурщун расгун хьвадулел ясаздаса, нусго нухалда берцин рукIуна кьан кIазгун хьвадулел.

**АЛИЯ:** ТIоцебесеб иргаялда, Аллагьасул фарз ракIбацIцIадго тIубазе яхI бахъулеб бугин абураб пикруялъго нилъ Гьесде гIагар гьарула. Чанги батIи- батIиял мунагьаздаса цIунула (шаргIияб ретIел ретIарай гIаданалъ гьабги- добги мунагь гьабизе бегьуларин, рекъараб гьечIин, нилъго нилъецаго цIунулел рукIуна квешлъиялдаса). АлхIамдулиллагь, дицаги ретIуна шаргIалде данде кколеб ретIел. Гьеб ретIине лъикьаниги хIинкъизе кколаро, тIад вугев Аллагьасдаса гурони.

**ЕЛЕНА:** Гьанжего гьанже исламалде ячIарай гIадан йигелъул, сундуе букIаниги чIванкъотIараб жаваб кьезе дида кIоларо, амма Аллагьасул амраби тIуразе яхI бахъула. Лъабго анкьалъ цебе дун захIматго унтидал операция гьабизе ккана. Гьеб мехалда вачIана дихъе Аллагь ... бичIчIана дир мунагьатгIабазул гIемерлъиги, тавбу гьабун Аллагьасде юссине ккейги. БичIчIана как базе, кIаз чIвазе кколеблъиги... Расги бигьаго букIинчIо гIумру хисизабизе. Сверухълъиго белъанхъулеб букIана дида тIад. Абулаан вагьабияздеге гьорлъе ккун, кьосун йигин дунин. ЦIакъ захIмат букIуна ислам лъаларел чагIазда цебе, мун битIараб нухда йикIин бичIчIизабизе.

**САРАТ:** Щайгурелъул, алжаналде лъугьине, хIурулгIинзабаздасаги тIадегIанайлъун йикIине бокьун. Аллагьасда иман лъурай, росасе мутIигIай чIужугIадан хIурулгIинзабаздаса 70 нухалъ хирияй (тIадегIанай) йикIине йигин абун бугелъул, диеги гьеб тIадегIанлъи бокьун буго. Гьеб гуребги дие Аллагь вокьула ва дидаса Гьев рази вукIине бокьун буго.

**САМИРА:** Дие цIакъ бокьун буго, кIаз къазе ва черх бахчараб ретIел ретIине. Амма росас биччалеб гьечIо.

**ЛИНА:** Щайгурелъул, жужахIалъул цIаялъ юхIизе бокьун гьечIо.

**САИДА:** Дица шаргIияб ретIел ретIуна Аллагьасе гIоло. Цо гьелъулъ бугеб баракатгун лъикIлъи бихьизеанищ нужеда. Дида бихьана ва бичIчIана. Гьоркьоса къотIи гьечIеб Аллагьасул цIобалда гьоркь йигин дун абураб хIисаб букIуна. Гьеб хIалхьиялъ кьолеб тIадагьлъи... Гьелъул букIунеб цIуна- къай!.. Росги рази вукIуна – гьесда гурони дица дирго берцинлъиги гьайбатлъиги бихьизабуларелъулха.

**НАПИСАТ:** Гьанже дицаги ретIула шаргIалде данде кколеб ретIел. ЖакъалъизегIан гьеб ретIичIого теялдаса ракIги бухIун буго.

**ХIАБИБАТ:** Дун гIемер ургъана чIваладай-чIвалародай кIазин. Ахир- къадги шаргIалде данде кколеб къагIидаялъ ретIа-къана. Дагьабниги ракIги бухIичIо. Гьединаб рохел дица киназего гьарула.

**МУСЛИМАТ:** КIиго сон ана дунго дилъго ягъулаго, къеркьолаго... АлхIамдулиллагь, ахир-къадги букIине кколеб къагIидаялъ ретIел ретIана. Амма гIагарлъиялъулгун рагъ-къал букIана, гьанжеги буго. Аллагьас киназего сабругун иман кьеги, дунял- ахираталда талихIги кьеги.

*ЦЗН по Тляратинскому району сообщает:*

# Информация для работодателей

*Порядок заключения коллективных договоров*

**В соответствии о ст. 50 ТК РФ коллективный договор в течение семи дней со дня подписания направляется представителем работодателя на уведомительную регистрацию в соответствующий орган по труду.**

В коллективный договор могут включаться взаимные обязательства работников и работодателя по следующим вопросам:

· формы, системы и размеры оплаты труда;
· выплата пособий, компенсаций;
· механизм регулирования оплаты труда с учетом роста цен, уровня инфляции, выполнения
показателей, определенных коллективным договором;
· занятость, переобучение, условия высвобождения работников;
· рабочее время и время отдыха, включая вопросы предоставления и продолжительности отпусков;
· улучшение условий и охраны труда работников, в том числе женщин и молодежи;
· соблюдение интересов работников при приватизации организации, ведомственного
· экологическая безопасность и охрана здоровья работников на производстве;
· гарантии и льготы работникам, совмещающим работу с обучением;
· оздоровление и отдых работников и членов их семей;
· контроль за выполнением коллективного договора, порядок внесения в него изменений и
· дополнений, ответственность сторон, обеспечение нормальных условий деятельности
· представителей работников;
· отказ от забастовок при выполнении соответствующих условий коллективного договора;
· другие вопросы, определенные сторонами.

Также к каждому экземпляру коллективного договора нужно приложить приказ о создании комиссии по разработке коллективного договора и протокол комиссии о принятии коллективного договора.

Необходимо указать сроки выплаты заработной платы (ст. 136 ТК РФ).



На регистрацию должно быть предоставлено не менее 2 экземпляров коллективного договора, так как один остается в Центре занятости, все экземпляры вместе с приложениями, приказом и протоколом должны быть пронумерованы и прошнурованы.

**по охране и**
**оплате труда ГКУ РД ЦЗН**
**в МО «Тляратинский район»**
**С.А. КУРАМАГОМЕДОВА**

# Пенсионияб идараялъ баян кьолеб буго

### Перечень документов для назначения пенсии ребенку-инвалиду:

1.Паспорт родителя (оригинал)
2.СНИЛС родителя(оригинал)
3.Свидетельство о рождении ребенка инвалида(оригинал)
4.СНИЛС ребенка инвалида(оригинал)
5.Справка с/а о месте жительства
6.Справка с паспортного отдела Форма №8 с гербовой печатью.
7. Справка с безработн.
8.Справка с/а о том, что родитель нигде не работает и не имеет трудовой книжки.

### Перечень документов для получения материнского капитала:

1.Паспорт матери
2.Свидетельство о рождении матери
3.Свидетельства о рождении всех детей
4.Свидетельство о браке
5.Страховые свидетельства матери и последнего ребенка
6. Справка с сель /адм о составе семьи
7.Заявление

### Перечень документов для назначения ухода:

1.Паспорт ухаживающего лица (оригинал)
2.Снилс ухаживающего лица (оригинал)
3.Справка с/а о том, что нигде не работает и не имеет трудовой книжки
4.Справка с ЦЗН ( безработный)
5.Трудовая книжка (если есть)
6. Выписка из приказа (если раньше работала)

### Перечень документов для назначения социальной пенсии:

1.Паспорт (оригинал)
2.Снилс (оригинал)
3.Справка с места жительства

### Перечень документов для назначения трудовой пенсии:

1.Паспорт (оригинал)
2.СНИЛС (страховой номер) (оригинал)
3.Трудовая книжка (оригинал)
4.Свидетельство о рождении ребенка (оригинал)
5.СНИЛС ребенка (оригинал)
6.Справка сель.администрации о том, что проживает в селении
7.Справка сель.администрации о составе семьи
8.Справка с места работы.
9.Свидетельство о заключении брака.

*24 март тIолгодунялалъул туберкулезалдаса цIуниялъул къо*

# Туберкулезалдаса нужго цIуне

**Туберкулез ккола бахунеб унти. Гьелъ унтизе бегьула гьуърул, щекъер, ургьисалаби, рукьби, берал, гIадал нах ва цогидалги лугбал.**

Бищунго цIикIкIун гьеб унти ккола гьуърузда ва гьедин унтурасул чорхолъа микробал сверухълъиялда тIиритIула. Гьединго туберкулез цогидасде бахине бегьула унтарасул кванил цIарагIалдасан, хъегIиялдаса, чинхъиялдаса, гIодобе тураб хIацIуялдаса. Гьеб унти букIуна гIи – боцIиялдаги, рукъалъул хIанчIаздаги, гьаби, кутуздаги. Гьединлъидал гIи – боцIул гьан, рахь квание хIалтIизе гьабулаго цIодорлъи гьабизе ккола. Хасго кIвар бугеб тадбирлъун ккола лъимал гьеб унтудаса цIуни. Цебеккунго гьезие гьаризе ккола гьеб унтудаса цIунизе данде чIарал уколал.

Байбихьуда туберкулез ккола бахчун, нилъедаго лъачIого жиндаго хадуб хъаравуллъи кколарев чиясда гьеб лъачIого букIине бегьула. Унти сах гьабизе бигьалъула байбихьудаго тохтурасухъе ани.

**КИНХА ГЬЕБ УНТУДАСА ЦIУНИЛЕЛ?**

АскIор ругезе изну кьоге дур гьурмадехун вуссун хъегIдизе ва хIухьел цIазе. Гьезда бичIчIизабизе ккола кIалалда цебе квагIаб кверги чIван гара – чIварулездаса довехун вуссун кIалъазе кколевлъи. Гьебго жо гьабизе ккола нилъецагоги.

Пайда босуге туберкулезалъ унтарав чиясе хIалтIизе гьабураб цIарагIалдаса. Щай гурелъул гьелда тIад туберкулезалъул микробал хутIун ратизеги бегьула. Нужецагоги чIарбиде хIацIу туге ва тулезеги биччаге. ТIадаб къагIидаялда кидаго рокъоб жаниб гьава хисизе нуцIби рагье. Щайгурелъул цIияб гьаваялъ гьуърул щула гьарула. Хъваравуллъи ккве рокъоб рацIа - ракъалъиялда хадуб биччараб тряпкаялъ бацIе, хасго анкьида жаниб цо нухалъ рагIа – ракьанде щун уборка гьабе.

Хъизаналда гьоркьов унтарав чи вугони регизе ккола батIаго, цIарагI гьев кваналев бацIад гьабизе ккола цогидаздаса батIаго. Цаби – гIусал рацIадго чIезаризе ккола ва хадуб хал ккезе ккола, тIадаб къагIидаялда жаниб цо ригьалъ кваназе ккола хинаб квен, гьализе гьабун гурони рахь гьекъезе бегьулавро. КIочон тоге физкультура ва спорт, радал черх цIорораб лъеца чуризе. Гьелъ рес кьола нужерго черх къвакIизабизе. ЦIияб гьаваялда тира – свери цIикIкIине гьабе. Хехго свакалел, хIалакълъолел, хъегIулел ругони, нахъ бахъичIого тохтурасухъе ине ккола. Нужодаго гьоркьор ялъуни гIагарлъиялда туберкулезалъ унтарав чи вугони, зама – заманалда тохтурасухъе ине ккола хал гьабизе.

Нилъер медицинаялда кIудияб кIвар кьолеб буго туберкулезалъ унтичIого рукIиналда данде къеркьезе, гьелдалъун гьаниб бицинчIого гIоларо лъимер гьабуралдаса нахъе щиб заманалда гьеб лъимада гьарулел уколазул хIакъалъулъ.

ТIоцебесеб иргаялда: лъимералъ 3 – 7 къоялда жаниб родильный домалда гьабула вакцинация. 2 абилеб: лъимаца 7 сон бараб мехалда. Гьел киналго уколал ккола медицинский хIалтIухъабаз гурони гьаризе бегьулареллъун.

Гьаниб абичIого гIоларо, туберкулезалъ унтарав чи цогидал гIадамаздаса батIаго тезе гьавизе хIисабалдалъун вегизе гьавизе ккола больницаялда, гьезие руго хасал больницаби, Буйнакскиялда, Советскиялда ва цогидал бакIаздаги. Гьев вегизе гьавун хадуб гьезул рокъоб гьабизе ккола дезинфекция 5% хлороминалъ, гьесул ретIел ва постель тезе ккола 4 сагIаталъ хлороминалъул лъелъ. Дезинфекционная камера бугони гьебги хIалтIизабизе ккола кинабго къай камералъусан биччазе ккола. Рукъ – бакIалда жаниб дезинфекция гьабула 0,5 % раствор активный хлороминалъ.

Нужода кIочонге щибаб соналда цо нухалъ флюорография гьабизе, гьелъие нилъер районалда киналго шартIал руго.

*нилъер росаби*

Харада росдал авал



Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Iндекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 28.02.2017
Заказ ____________